ÉVALUATION DIAGNOSTIQUE DES ÉLÈVES ALLOPHONES

# Compréhension de l'écrit

CYCLE 2

Langue d'origine : tchétchène

CANOPÉ

**ФАМИЛИ:** | **Ц1Е:**

## NIVEAU : FIN DE CP

## 1

### Д1аеша х1ара текст:

Тахана 1уьйранна Салманан самавоккху сахьт дийкира ворх1 даьлча. Цуьнан школан хьалхара де ду иза. Цуьнан нана меллаша йог1у иза самаваккха.

Цуьнан маьнганан уллохь лаьтташ г1ант ду. Салмана хьала а г1оттий шен х1уманаш т1еюху. Шен сийна хечий, ц1ен свитерий т1еюху цо. Шена дукхабезаш болу кепка схьаоьцу цо, баьццара а болуш, т1ехь ц1ен седа а болуш.

Корана юххехь лаьтташ йоккха шкаф а ю, пенах тоьхна т1ехь цициганш долуш сурт а ду.

MI | MF | MS | TBM

## 2

**Х1ора дош шеца дог1учу суьртаца цхьаьнатоха.**

| | | |
|---|---|---|
|  | ☐ самавоккху сахьт ☐<br>☐ маьнга ☐ |  |
|  | ☐ г1ант ☐<br>☐ кепка ☐ |  |
|   | ☐ нана ☐<br>☐ хеча ☐ |  |
|  | ☐ к1ант ☐<br>☐ седа ☐ |  |
|  | ☐ цициг ☐<br>☐ свитер ☐ |  |

MI | MF | MS | TBM

## 3

**Салманан самавоккху сахьт маса даьлча дека?**
**Нийсачу жоьпана гонаха сиз хьакха.**

- ялх даьлча
- ворх1 даьлча
- барх1 даьлча

MI | MF | MS | TBM

## 4

**Салманан бедарш яхка шен-шен бос а нисбеш.**



MI | MF | MS | TBM

## 5

**Салманан чоьнан гонаха сиз хьакха. Кхиндолу суьрташ д1адайа.**



• сурт 1



• сурт 2



• сурт 3



• сурт 4

MI | MF | MS | TBM

## NIVEAU : FIN DE CE1

### Д1аеша х1ара текст:

«Хан хилла, сан хьомениг, боху цуьнан нанас. Аса хьуна мерза марта (завтрак) кечйина, со кухни чохь хьоьга хьоьжуш ю.»

Салман шкаф т1ехь долчу куьзгана ша шега хьоьжуш ву. Цо ша шега хоьтту, кхечара т1е х1ун йухур ю теша бохуш. Селхана сарахь цо дукха хан яьккхина шен бедарш кечъеш.

Цо схьайоьллу шкаф, схьаоьцу шен 1аьржа кроссовкаш, юха шен чуьра араволу, шен мачаш карахь а йолуш.

Кхоьлинчу сени чохь хаза хьожа кхета цунна. Кухнин чу ваьлча, цунна го стоьла т1ехь х1инца а йовха х1оаш чудоьхкина чуданаш, боккха кад чохь йовха шоколад йолуш, хаза бошхап чохь стоьмаш болуш: ананасаш, бананаш, 1ежаш.

### ХАТТАРШНА ЖОП ЛО

---

**6**

**Салманан бедарш хьан хаьржира? Нийсачу жоьпана гонаха сиз хьакха.**

• Салмана • Салманан нанас • Салманан жимаха волучу вашас • Салманан дас

MI MF MS TBM

---

**7**

**Бошхепа чохь боцучу стоьмашна т1е сиз хьакха.**

• ананасаш • ц1азамаш • апельсинаш • бананаш

• 1ежаш • кхораш

MI MF MS TBM

## 8

**Салмана к1езиг хан яьккхина шен бедарш кечйеш.**
**Нийсачу жоьпана гонаха сиз хьакха.**

• бакъ ду • бакъ дац

MI MF MS TBM

## 9

**Салманан ца еза шен нанас мартанна (на завтрак) кечйинарг.**
**Нийсачу жоьпана гонаха сиз хьакха.**

• бакъ ду • бакъ дац

MI MF MS TBM

## 10

**Предложенишна номерш яхка уьш хьалхий, т1аьхьий ма хиллара, хьалха хиллачарна т1ера т1аьхьа хиллачарна т1екхаччалца.**

........................ • Салман шен чуьра араволу

........................ • Салмана шкаф схьайоьллу

........................ • Салман ша шега куьзганан чу хьожу

........................ • Салмана шен бедарш кечйо

MI MF MS TBM

## NIVEAU : FIN DE CE2

### Д1аеша х1ара текст:

«Сихо йе, сан хьомениг, хан хилла»-, боху нанас. «Билгалла, хьо ваха лууш вуй хьо цига? Некъ карор буй хьуна?

- Х1аъ, са ма гатта де ахь. Х1ун хир ду суна? Цул сов, со 1ама везаш ма ву, х1ора дийнахь иштта хир ма ду х1ара.»

Цуьнан нанас ела а лой х1умма а ца олу, амма са гатта деш ю иза. Цо шен к1ант мара а вуллий цуьнан коьртах куьг хьокху. Цунна ца деза цо и деш, амма нана ца 1ало.

Салманна лууш вара масех чуда шен портфель чу а йиллина д1аяхьа, х1унда аьлча, итт долуш ша мацло дела. Цунна ца хаьа шен керлачу школехь и дан мегар дуй, цундела цо уьш ца яхьар саца до.

Т1аккха и шен кроссовкаш т1е а юхий ламин т1ехула д1ахьоду.

«Салман! Мохь туху цуьнан нанас едда цунна т1аьхьа а кхуьуш, шен карахь цуьнан кепка а болуш. Хьан кепка! Хьуна хьайн кепка бицбелла!»

Салманс кепка схьа а оьций олу:

«Сан баьццара кепка! Тахана дуьххьара де ду сан цу школехь, и сайн аьтто беш болу кепка а боцуш воьдар-кх со цига!»

### НИЙСАЧУ ЖОЬПАНА ГОНАХА СИЗ ХЬАКХА

**11**

**Салманна ца деза шен нанас шена коьртах куьг хьокхуш.**

• бакъ ду • бакъ дац

MI | MF | MS | TBM

## 12

**Салмана чуданаш шен портфель чу йохку.**

• х1аъ • х1ан х1а

| MI | MF | MS | TBM |
|---|---|---|---|

## 13

**Салман мичахь 1аш ву?**

• квартиран чохь

• автофургон чохь

• ц1ено чохь

• замок чохь

| MI | MF | MS | TBM |
|---|---|---|---|

## 14

**Салманан нана ламеш т1ехула д1а х1унда едда?**

• цунна оба ала

• цунна кепка д1абала

• цуьнан месаш т1е куьг хьакха

• и т1аьхьа йисина дела

| MI | MF | MS | TBM |
|---|---|---|---|

## 15

**Хьуна хетарехь, Салманна х1унда хета ладам болуш (важно) шеца шен кепка хилар?**

• ша тила ца валийта

• цо ша иркарах1оттаво дела

• сихха школе д1акхачар хьамма

• иза цуьнан школехь т1аьххьара де долун дела

MI | MF | MS | TBM

**Rappel des codes de correction :**
**MI** = maîtrise insuffisante **MF** = maîtrise fragile **MS** = maîtrise satisfaisante **TBM** = très bonne maîtrise
**MI et MF :** non acquis **MS et TBM :** on considère que c'est acquis